

27 jen 2017

Avi Pou Antant ki Pwopoze pou Rekou Kolektif Konsènan Aksè nan Abri pou Moun ki gen Andikap nan Sistèm Abri Depatman Sèvis pou Sanzabri Vil New York (DHS)

Kimoun ki ta dwe li Avi sa a?

Ou ta dwe li avi sa a si:

- ou gen yon andikap **EPI**
- ou kapab te aplike oswa ou te aplike pou abri nan Depatman Sèvis pou Sanzabri Vil New York (City Department of Homeless Services, DHS), oswa ou rete nan yon abri DHS kounye a.

Gen divès kalite andikap, men gen kèk egzanp tankou li ka difisil pou w monte eskalye, ou bezwen èd pou wè oswa tandem, ou pa kapab benyen oswa mete rad sou ou pou tèt ou, oswa ou gen pwoblèm pou konsantre, sonje oswa pran desizyon.

Kisa Avi sa a di?

Nan lane 2015, yon gwooup moun andikape nan abri te pote plent kont DHS nan yon pwersè rekou kolektif federal ki rele Butler v. City of New York 15-CV-3783 (RWS) (JLC). Sa a se yon ka Rekou Kolektif, ki vle yo te prezante li nan non yon gwooup moun. Toude pati nan pwersè a vle regle li kounye a, epi yo te mande jij la pou li apwouve antant yo a. Nan antant la, DHS te dakò pou garanti moun ki gen andikap yo kapab jwenn abri. Answit, DHS te dakò pou chanje kèk nan règ li yo pou ede moun ak andikap yo.

Kiyès ki yon Manm Gwooup la?

Ou se yon Manm Gwooup epi ou antant la ap defann enterè w yo si:

1. ou gen yon andikap jan li defini nan Lwa Anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) a, ki vle di ou gen yon pwoblèm fizik oswa mantal ki limite aktivite enpòtan nan vi ou; **EPI**
2. • kounye a w ap viv nan sistèm abri DHS la; **OSWA**
 - ou te eseye jwenn aksè oswa ou te resevwa nenpòt sèvis nan sistèm abri DHS la apre 14 me 2012; **OSWA**
 - ou pral eseye jwenn aksè oswa resevwa nenpòt sèvis nan sistèm abri DHS la pi devan.

Pou jwenn plis enfòmasyon

W ap jwenn antant la nan sitwèb Sosyete Asistans Jiridik la (Legal Aid Society), Sant pou Endepandans Moun Andikape (Center for Independence of Disabled), New York, ak DHS: www.legal-aid.org, www.cidny.org, ak www.nyc.gov/dhs. Pou jwenn yon kopi antant la, oswa si ou gen kesyon, ou kapab rele, ekri yon lèt voye l lapòs, oswa pa imèl:

The Legal Aid Society
Butler v. City of New York Settlement
199 Water Street, 3rd floor
New York, NY 10038
ButlerCase@legal-aid.org
917-398-3055

Kisa ki nan Antant sa a?

DHS dakò pou fè Sistèm Abri DHS la aksesib pou moun ki gen andikap.

1. Demann pou Aranjman Rezonab

DHS ap bay aranjman rezonab (reasonable accommodations, "RAs") bay Manm Gwoup la. RA yo se chanjman ou bezwen nan règleman, pratik, oswa enstalasyon pou ka fè enstalasyon ak sèvis yo aksesib pou ou. Pami egzanz ki genyen yo, gen yon bèt sèvis, oswa yon kabann ou gendwa transfere sou chèz woulant ou, oswa yon kote pou kenbe medikaman ou frèt.

DHS pral mete enfòmasyon sou RA yo ak kijan pou mande pou yo sou fòm ak pano yo. Si ou aplike pou yon RA, DHS ap ba ou yon avi alekri ki bay desizyon li pran sou demann RA ou a. Ou ka fè yon kontestasyon si yo refize demann ou a.

2. Aranjman Rezonab ki pi bon

DHS pral eseye idantifye moun ki ka bezwen RA menm si yo pa mande yon RA. Epitou DHS pral sèvi ak yon sistèm pou mamm pèsonèl DHS yo kapab wè enfòmasyon sou RA ou bezwen yo. DHS ka bay RA pou yon ti tan pandan ke li ap pran yon desizyon final.

3. Gade nan Dènye Règleman, Pratik, ak Etablisman yo

DHS pral gade nan dènye règleman, pratik, ak etablisman li yo pou wè si gen pwoblèm nan yo pou moun ki gen andikap. DHS pral prepare yon plan pou fè sistèm abri DHS la aksesib pou moun ki gen andikap. DHS pral sèvi ak plan sa a pou fè abri li yo aksesib. Pral gen yon plan pou Tribunal la apwouve pou garanti Minisipalite a konfòme li ak antant la.

4. Fòmasyon Anplwaye yo

DHS pral fòme anplwaye li yo sou dwa moun ki gen andikap ak Antant la. DHS pral fè anplwaye ki ka ede moun ki gen andikap yo itilize Sistèm Abri ak demann RA yo.

Si mwen dakò ak Antant la, èske m ap gen yon bagay pou mwen fè?

Non. Si ou dakò avèk antant la, ou pa bezwen fè anyen. Si Tribunal la apwouve Antant la, ou pral wè chanjman ki fèt nan sistèm abri DHS la pou fè sistèm abri a pi aksesib pou moun ki andikape yo. Epitou, w ap oblige respekte kondisyon ki nan Antant la.

Kijan pou m fè, si mwen vle konteste Antant la?

Manm Gwoup gen dwa pou yo di Tribunal la si yo pa dakò ak Antant lan. Pou Manm Gwoup yo fè kontestasyon an fas-a-fas, yo ka vini nan odyans la nan DAT.

Judge Robert W. Sweet

United States District Court for the Southern District of New York

United States Courthouse 500 Pearl Street, Courtroom 18C

New York, NY 10007

Lòt fason Manm Gwoup yo kapab fè yon kontestasyon, se si yo voye yon lèt ki make "Butler Class Action" (Rekou Kolektif Butler) epi ki gen so lapòs sou li ki make DAT oplita, bay Tribunal adrès li anwo a epi voye yon kopi nan adrès sa a:

The Legal Aid Society

Attn: Joshua Goldfein

199 Water Street

New York, New York 10038

Attorneys for the certified class

ButlerCase@legal-aid.org

Si w gen nenpòt kesyon, ou ka rele oswa voye yon imèl bay avoka non li anwo a, ki se moun ki reprezante gwoup sètifye nan aksyon sa a. PA RELE TRIBINAL LA.